

Chanjman Non Founisè oswa Anplwaye

Si non ou oswa non nenpòt nan anplwaye ou yo te chanje, ou dwe soumèt yon kopi pyès idantite ak foto gouvènman an bay moun lan avèk materyèl aplikasyon pou renouvèlman an.

Resous:

Biwo Gadri Depatman Sante Vil New York

nyc.gov/health/childcare
☎ 311

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (OCFS)

ocfs.ny.gov/main/childcare
☎ 518-474-9454

Resous pou Gadri ak Gid Referans Asosyasyon nan Vil New York

nycrr.org
☎ 888-469-5999

Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Bonè pou Timoun SUNY

albany.edu/earlychildhood
☎ 800-295-9616

Anprent dwèt LiveScan MorphoTrust USA

identogo.com
☎ 877-472-6915



Gid sou Renouvèlman Lisans pou Operatè Gadri Familyal an Gwoup ak Gadri Familyal

EHSS305021 – 12.20



Ranpli Aplikasyon pou Renouvèlman ou a

Dat limit aplikasyon pou renouvèlman an

Ou dwe soumèt aplikasyon pou renouvèlman ou a **pou pi piti 60 jou** anvan enskripsyon ou a/lisans ou a pral ekspire. Ou dwe bay adrès imèl ou oswa adrès imèl yon lòt moun yo chwazi pou resevwa enfòmasyon ki soti nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (OCFS, New York State Office of Children and Family Services).

Enspeksyon

Pandan pwosesis renouvèlman an, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante) pral fè yon inspeksyon. Anplis de sa, tout pwogram yo pral enspekte chak ane epi se pou yo ka reponn a tout plent yo resevwa yo.

Fòmasyon

Yo egzije Fòmasyon anplwaye yo kòm yon pati nan renouvèlman ou a. Chak de (2) ane, ou menm ak anplwaye ou yo nou chak dwe ranpli 30 èdtan fòmasyon. Peryòd fòmasyon an kòmanse nan kòmansman dat aktyèl enskripsyon/lisans ou a epi li dire jiskaske dat la ekspire. Lè pwogram ou an fin bay yon aplikasyon renouvèlman epi ou menm ak anplwaye ou yo fin byen ranpli kondisyon fòmasyon 30 èdtan an pou peryòd enskripsyon aktyèl la, nenpòt fòmasyon adisyonèl (pi plis pase 30 èdtan yo) ou menm ak anplwaye ou yo resevwa pandan peryòd sa a pral yon avantaj pou nouvo peryòd enskripsyon an. **Si se premye renouvèlman ou**, fòmasyon sante ak sekirite ou te resevwa anvan ou jwenn lisans la/enskripsyon an ka aplike nan 15 premye èdtan fòmasyon an.

Yon minimòm senk (5) èdtan fòmasyon OCFS apwouve dwe bay chak ane, pou adrese sijè ki egzije pa lwa leta ak federal.

Sijè Fòmasyon ki Obligatwa yo

Fòmasyon an dwe kouvri nèf sijè ki obligatwa yo:

1. Prensip devlopman timoun, k ap konsantre sou etap devlopman nan gwoup laj kote pwogram nan bay swen
2. Bezwen nitrisyon ak sante timoun yo
3. Devlopman pwogram gadri pou Timoun
4. Pwosedi byennèt ak sekirite yo, gen ladan kominikasyon ant paran yo ak moun kap bay swen yo
5. Antretyen ak jesyon dosye biznis
6. Idantifikasyon ak prevansyon abi ak move tretman sou Timoun
7. Lwa ak règleman ki gen rapò ak gadri timoun yo
8. Lwa ak règleman ki gen rapò ak abi epi move tretman sou timoun
9. Idantifikasyon, dyagnostik ak prevansyon sendwom ti bebe yo sekwe (shaken baby syndrome)

Ou dwe bay prèv ou menm ak anplwaye ou yo te ranpli fòmasyon sa a lè ou soumèt aplikasyon renouvèlman ou an. Prèv ka gen ladan yon sètifika, yon lèt nan men yon enstriktè sou papye ki gen antèt oswa yon lis prezans nan òganizasyon fòmasyon an. Dokiman sa yo dwe endike non moun ki resevwa fòmasyon yo, fòmasyon yo pran, sijè yo kouvri, kantite èdtan ou te resevwa fòmasyon ak non enstriktè a ak siyati li.

Anplis de sa, lè pwogram lan ap fonksyone, omwen yon moun k ap bay swen nan espas la dwe gen yon CPR ki valab ak yon sètifika premye swen ki apwopriye ak laj timoun ki nan swen yo, epi tout sètifikasyon CPR ak premye swen yo dwe gen yon eleman konpetans an pèsòn.

Ki moun ki resevwa fòmasyon?

Chak anplwaye ak volontè ki kòmanse *apre* ou te resevwa premye lisans la dwe ranpli omwen 15 èdtan nan fòmasyon nan youn (1) oswa plis nan nèf (9) sijè yo mande yo pandan premye sis (6) mwa nan travay la.

Chak anplwaye ak volontè dwe ranpli fòmasyon OCFS apwouve a ki konfòm ak kondisyon fòmasyon minimòm federal la anvan pou bay sèvis nan sante ak sekirite a oswa kondisyon peryòd fòmasyon pou oryantasyon pandan twa (3) mwa a. Yo dwe pran Fòmasyon anvan yo kòmanse oswa nan twa (3) mwa yo kòmanse travay nan yon pòs. Moun ki te ranpli fòmasyon OCFS apwouve a ka rete san yo pa sipèvize li ak timoun yo. Nenpòt anplwaye oswa volontè ki pa ranpli fòmasyon sa a pa dwe rete san sipèvizyon ak timoun jiskaske fòmasyon sa a fini.

Si ou nan plis pase yon pwogram gadri family-based ki lisansye oswa anrejistre, ou dwe ranpli fòmasyon jesyon ak administrasyon an nan plizyè espas ki gen gadri.

Ki Kote pou resevwa Fòmasyon

Rele Resous pou Gadri ak Gid Referans Asosyasyon nan Vil New York la pou enfòmasyon sou pwogram fòmasyon yo. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sou pwogram fòmasyon yo, ki gen ladan fòmasyon 15 èdtan sou Sante ak Sekirite ak aprantisaj sou entènèt gratis ak fòmasyon videyo konferans, lè ou kontakte **Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon bonè pou Timoun SUNY** oswa **OCFS**. Tanpri asire nenpòt fòmasyon sou entènèt ou fin ranpli te apwouve pa OCFS epi yo ka konte li nan kondisyon fòmasyon 30-èdtan ou a.

Kòman ou kapab jwenn fon pou Fòmasyon

Ou ka kalifye pou fon bous etid fòmasyon an nan **Pwogram Ankourajman pou Edikasyon a (EIP)**, patwone pa OCFS. Pou mande yon aplikasyon EIP, kontakte **Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Bonè pou Timoun SUNY**.

Verifikasyon Antesedan Konplè

Tout anplwaye, volontè yo ak nenpòt moun ki gen laj 18 ane oswa plis ki ap viv nan kay kote pwogram lan ye a dwe sibi yon verifikasyon antesedan konplè (CBC, Comprehensive Background Check) ki gen ladan bagay sa yo:

- Verifikasyon sou dosye istwa kriminel NYS avèk Divizyon Sèvis Jistis Kriminel la
 - Verifikasyon nasyonal sou dosye kriminel avèk Biwo Envestigasyon Federal la (FBI, Federal Bureau of Investigation)
 - Rechèch nan Rejis delenkan seksyèl NYS la
 - Verifikasyon done nan Rejis Santral Eta New York la ki pou Abi ak Move tretman sou Timoun (SCR) lan an akò avèk seksyon 424-a a nan Lwa sou Sèvis Sosyal yo
 - Rechèch nan rejis delenkan seksyèl nasyonal la avèk èd Sant Nasyonal Krim ak Enfòmasyon an
- Pou ranpli CBC a, yo dwe soumèt yon pake 6000 nan biwo minisipalite ou a, ki gen ladan bagay sa yo:**
- OCFS-6000, Fòm Obligatwa yo ak Lis Aranjman
 - OCFS-6001, Enfòmasyon sou Founisè Gadri, Anplwaye, ak Volontè
 - OCFS-6002, Kalifikasyon yo

- OCFS-6003, Referans yo
 - Nenpòt nouvo anplwaye ak ranplasan dwe soumèt de referans (youn ki soti kot yon ansyen patwon ak youn ki pèsònèl). Si nouvo anplwaye a pa gen okenn eksperyans pwofesyonèl nan tan pase yo, yo dwe bay de referans pèsònèl.
- OCFS-6004, Medikal
 - Nenpòt nouvo asistan, ranplasan ak manm nan kay la dwe soumèt deklarasyon medikal ki te siyen pa yon doktè nan 12 mwa anvan dat ekspirasyon enskripsyon an/lisans la.
- OCFS-6005, Deklarasyon kondanasyon kriminel
- OCFS-6022, Lis Ekslizyon Anplwaye yo (Staff Exclusion List, SEL)
 - Ou dwe mande Sant Jistis Eta New York ki pou Pwoteksyon Moun ki genyen Bezwen Espesyal la pou fè yon verifikasyon SEL pou tout moun k ap bay swen ak volontè yo anboche apre 30 Jen 2013 la.
- OCFS-4930, Demann pou anprent dwèt
 - MorphoTrust USA bay anprent dwèt yo. Asire ou pran fòm idantifikasyon ki apwopriye ak demann konplè ki pou Fòm Sèvis Enfòmasyon pou Anprent dwèt NYS la (OCFS-4930), ki disponib sou sit entènèt OCFS la.

- LDSS-3370, demann verifikasyon sou done ki nan rejis santral Eta a
 - Gen yon frè 25 dola pou chak anplwaye lè yo soumèt fòm sa a nan biwo minisipalite a.
- Fòm ki aksepte nan peman an gen ladan verifikasyon ki sètifye, demann pou peye lajan nan lapòs oswa nan bank, chèk gichè, oswa chèk bank.

Ou dwe ranpli epi soumèt yon nouvo fòm SCR tou pou **nenpòt nouvo manm nan kay la oswa manm nan kay la ki gen 18 ane** epi ki pa te otorize pa SCR depi dènye enskripsyon an. Tanpri soumèt fòm sa a pi vit ke posib.

Tanpri ekri chèk pèsònèl oswa chèk postal (money order) la sou non **New York State Office of Children and Family Services** epi mete non aplikan an. Pa gen yon frè ki obligatwa pou volontè nan gadri a oswa konsiltan oswa pou manm nan kay la.

Anplwaye yo ak volontè yo ka kòmanse travay yon fwa yo soumèt pake 6000 lan, ranpli randevou anprent yo a epi bay yon resi anprent ak fòm medikal aktyèl pwogram lan. Moun sa yo dwe sipèvize toutan pa yon moun yo te konplètman otorize jiskaske yo resevwa mesaj ki di moun lan elijib pou pran swen timoun yo dapre rezilta CBC yo.